

Manman

Manno Charlemagne, 1979

La

Se pa sipriz si jodi a

Mi La

M ap chante pou w

Ré

Pou valè mizè ke w pase

La

M ap kwè m ap janm fin peye w

Ré

Nou pa moun lagrann sosyete

La Mi

N ap woule sou jekwazandye, maman

La

Pito nou chante souple

Mi La

Rele lespwa kote l ye

Mi La

Pou nou pa dekouraje

Mi La

Ka nou ekziste

Maman cheri se w k tout vi m

Deteminasyon m

Jès, trandrès, afeksyon manke

Tout sa koz de sitiasyon m

M gade w lan je w gade m lan je

Se kè nou tou de k ap rache, Manman

Kou w tande mwa d me rive

Manman m pa gen jou sakre

Li sou tè ya l ekziste

Lakay flè woz pa antre

Refrain (2x) :

La7 Sim7

Ou wè ke mwen devwe

Mi

M chèche la vi

La

Pou m pa kite w souffri

La7 Sim7

Se pa anvi m manke

Mi La Mi

Il parè ke jou pan ou an poko rive, Maman

Gad jan lavi fè m kazwele

Fè mwen reziye

M jèn ponyèt mwen pa koupe

Vye manman m trime l ap trime

Kou tande n chita n ap pale

Depi w tande l pran le pase, manman

Tout swit fò l gen dlo lan je

Lò sa bonnanj mwen ale

Menm vole mwen ta vole

Pou l kab konsole

Son w vye madanm ki gen kouraj

Pou li reziste

Apre w karès, yon tèt grate

Li souri l mande fè de rale

Li di pitit mwen nou pat ne

Ke montay pa konn deplase, Manman

Tout moun pat fèt pou ere

Moun pa fèt pou l twò prese

Se paske w ka obsève

Kif è w gen tèt chaje

Au refrain...